

## **Lwa pou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act - ADA)**

Si w panse ou gen yon andikap ki anpeche w satisfè kondisyon Depatman an oswa ki anpeche w gen aksè nan pwogram Depatman an, ou ka gen dwa pou resevwa èd selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act - ADA). Selon ADA, ou ka resevwa yon “akomodasyon rezonab” oswa èd espesyal nan men Depatman an. Mande responsab ka w la pou plis enfòmasyon. Ou ka kontakte tou Direktè Biwo Divèsite a, Opòtinite Egal ak Dwa Sivil pou asistans.

## **Deklarasyon non-diskriminasyon**

Ann akò ak lalwa federal, Depatman an paka fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, relijyon oswa kwayans politik.

## **Pou depoze yon plent pou diskriminasyon, ou ka kontakte biwo sa yo:**

### **Pou plent ki gen rapò ak SNAP:**

U.S. Department of Agriculture (USDA)  
Director, Office of Adjudication  
1400 Independence Avenue, S.W.  
Washington, D.C. 20250-9410  
1-866-632-9992 (vwa gratis)  
202-401-0216 (TDD)

### **Pou plent ki gen rapò ak TAFDC:**

U.S. Department of Health and  
Human Services  
Office of Civil Rights  
JFK Federal Building – Room 1875  
Boston, MA 02203  
617-565-1340  
617-565-1343 (TDD)  
617-565-3809 (faks)

Ou ka voye plent ou an pa imèl tou nan:  
[OCRcomplaint@hhs.gov](mailto:OCRcomplaint@hhs.gov).

## **Anplis de sa, Depatman an paka fè diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl.**

### **Pou tout plent ki gen rapò ak DTA:**

Massachusetts Commission Against  
Discrimination (MCAD)  
One Ashburton Place  
Sixth Floor, Room 601  
Boston, MA 02108  
Telefòn: (617) 994-6000  
TTY: (617) 994-6196

Department of Transitional Assistance  
Office of Diversity, Equal Opportunity and  
Civil Rights  
600 Washington Street  
Boston, MA 02111  
617-348-8490 (vwa)  
617-348-5532 (TTY)



## **Dwa w pou konnen**

Bwochi sa a eksplike dwa w ak responsablite w si w ap resevwa benefis nan Depatman an ikonpri Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (ann angle TAFDC), Èd dijans pou moun ki aje, andikape ak timoun (ann angle EAEDC), epi/oswa benefis pwogram asistans nitrisyon siplemantè (ann angle SNAP, otrefwa ki te rele pwogram kupon alimantè a). Tanpri li bwochi sa a avèk anpil atansyon. Epiyou ou pral bezwen li bwochi pwogram yo pou chak pwogram espesifik pou ka jwenn enfòmasyon ki enpòtan. Ou responsab pou fè moun ki abite lakay ou konsènan règ pwogram nan ansanm ak dwa ak responsablite yo. Si gen yon bagay ou pa konprann, asire ou mande responsab ka w la pou l eksplike w li. Si w pa yon sitwayen, asire responsab ka w la ba w bwochi ki rele “Ki sa moun ki pa sitwayen yo bezwen konnen” ak “Resous pou moun ki pa sitwayen”.

## **Responsablite w**

Toudepan de règ pwogram ou patisipe ladan l lan, ou dwe:

- bay Depatman an enfòmasyon ki konplè epi ki egzakt.
- kenbe randevou ou genyen yo. Si w ta bezwen repwograme yon randevou, kontakte responsab ka w la lepli vit posib.
- konplete revizyon elijiblite ki pwograme yo (yo ka kontakte w nan lòt lè pou lòt rezon).
- koopere avèk anplwaye gouvènman an ki ka bezwen revise ka w la.
- fè Depatman an konnen tout chanjman ki ka afekte benefis ou yo, ikonpri bagay ki pral site la yo, men se pa sa sèlman:
  - ⇒ kantite moun ki abite ansanm avèk ou;
  - ⇒ kote ou abite (adrès ou) ansanm ak tout depans telefòn, dlo ak kouran ak lwaye (ikonpri Seksyon 8 oswa lòt pwogram sibvansyon);
  - ⇒ kouvèti asirans medikal ou (pa egzanp, si w jwenn nouvo asirans medikal nan yon djòb oswa yon paran ki absan, oswa si w pèdi asirans medikal ou);
  - ⇒ kantite lajan ou touche, Pèman sekirite sosyal, lajan kach oswa pansyon alimantè pou timoun ou resevwa, oswa
  - ⇒ tout lajan ou resevwa, tankou yon règleman, yon pèman sekirite sosyal retwoaktif, oswa ou genyen nan lotri.

Ou dwe rapòte tout chanjman bay Depatman an alekri, pa telefòn oswa an pèsòn, nan yon delè 10 jou aprè chanjman an fèt. Si w pa rapòte chanjman sa yo, ou ka pèdi benefis ou yo. Si w pa sèten ou dwe rapòte yon enfòmasyon, mande responsab ka w la oswa rele 1-800-445-6604.

Toudepan de règ pwogram nan, ou ka oblije tou pou:

- patisipe nan pwogram sèvis travay Depatman an oswa chèche travay; epi
- siyen yon dechaj dosye medikal.

Si w ap chèche benefis pou lojman oswa pouabri, kontakte Divizyon pou Estabilizasyon Lojman nan Depatman Lojman ak Devlopman Kominote a nan 1-877-418-3308 (vwa) oswa 617-573-1140 (TTY).

### Dwa ou

Ou gen dwa pou:

- moun trete w avèk politès epi avèk respè;
- ranpli yon aplikasyon;
- yo detèmine elijiblite w pou benefis rapidman (souvan nan yon delè 30 jou);
- resevwa yon notis Depatman an konsènan desizyon sou aplikasyon w lan epi chak fwa gen yon chanjman nan ka w la;
- resevwa benefis apati dat ou aplike a, si moun ki abite lakay ou elijib;
- Depatman an ba w yon entèprèt, si sa nesèsè;
- resevwa èd imedyà avèk manje ak swen medikal, si w elijib;
- jwenn èd avèk pwoblèm vyolans familyal;
- depoze yon apèl si w pa dakò avèk ankenn nan aksyon yo pran sou ka w la (pou depoze yon apèl, ranpli fòm ki sou do notis ou resevwa nan men Depatman an; si w pèdi notis la, kontakte responsab ka w la pou ka jwenn yon lòt fòm apèl);
- revize dosye ka w la;
- yon reprezantan ki otorize ede w; epi
- resevwa akomodasyon ki rezonab (èd espesyal) si w andikape.

### Ki jan pou jwenn benefis ou yo

Ou pral jwenn benefis ou yo pa depo dirèk sou kont labank ou oswa pa transfè benefis elektwonik (EBT). Avèk EBT, ou jwenn benefis lajan kach ou atravè ATM (gichè labank elektwonik). Ou ka itilize lajan kach epi/oswa benefis SNAP yo nan tèminal pwen lavant (POS) (kès) nan makèt yo ak lòt magazen. Ou ka fè yon moun resevwa benefis pou ou. Yo ta va rele moun sa a benefisyè oswa reprezantan w ki otorize. Pale avèk responsab ka w la konsènan opsyon sa a. Si w gen yon kont labank, ou dwe resevwa benefis ou yo pa depo dirèk.

### Itilizasyon enfòmasyon w

Depatman an ka kontakte lòt moun oswa ajans pou tyeke enfòmasyon ou bay la. Ofisyèl gouvènman federal, eta ak lokal yo pral verifye enfòmasyon ou bay la epi yo ka itilize sistèm pou matche done gouvènman an.

### Nimewo sekirite sosyal yo ak dwa w pou lavi prive

Manm yon fanmi ki abite ansanm k ap aplike pou resevwa asistans dwe bay Depatman an nimewo sekirite sosyal yo. Y ap verifye nimewo sa yo. Y ap refere manm yon fanmi ki pa gen yon nimewo sekirite sosyal nan biwo Administrasyon Sekirite Sosyal lokal la pou l ka aplike pou yon nimewo sosyal. Responsab ka w la pral ede w avèk sa.

Lè w siyen aplikasyon w lan, w ap bay Depatman an pèmasyon pou l itilize nimewo sekirite sosyal moun ki abite lakay ou pou yo ka swiv ka w la epi pou anpeche ou resevwa benefis doub.

Pou verifye enfòmasyon ou bay la, Depatman an ka matche tout nimewo sekirite sosyal moun ki abite lakay ou avèk dosye:

- nenpòt ajans federal, eta oswa lokal;
- bank ak lòt enstitisyon finansyèl;
- Founisè sèvis Depatman an; ak
- lòt ajans oswa enstitisyon lalwa pèmèt.

### Moun ki pa sitwayen

Pou ka elijib pou resevwa benefis TAFDC, EAEDC oswa SNAP, moun ki pa sitwayen dwe verifye yo nan peyi Etazini legalman. Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan estati moun ki pa sitwayen, mande responsab ka w la.

Daprè règ TAFDC ak SNAP, yon moun ki pa sitwayen epi li pa kapab oswa li pa vle bay enfòmasyon sou estati imigrasyon li oswa nimewo sekirite sosyal li akòz estati imigrasyon li pa bezwen fè sa. Sepandan, moun sa a ki pa sitwayen an **pa p** elijib pou l resevwa benefis. Lòt moun ki abite nan kay la ka toujou resevwa benefis.

Si w vin yon sitwayen ameriken, ou ka elijib pou resevwa benefis federal tankou Revni Sekirite Sipleman (SSI). Jeneralman ou ta dwe yon rezidan pèmanan pandan senk an (twazan si w marye avèk yon sitwayen ameriken) anvan w elijib pou sitwayènte. Ou ka aplike 90 jou anvan w satisfè kondisyon senk an an. Ou pral bezwen demontre ou gen konesans nan lang anglè ak kèk bagay sou istwa Etazini amwenske ou kalifye pou yon dispansasyon paske ou gen yon andikap mantal oswa fizik ki anpeche aprann. Jeneralman sa pran apeprè ennan pou aplike epi fè entèvyou pou sitwayènte w. Lòt tyèk yo ka fè nan dosye w akòz ogmantasyon nan mezi sekirite ka vle di pwosesis la ka pran plis tan.

Li enpòtan pou jwenn asistans anvan ou aplike pou sitwayènte. Biwo pou Refijye ak Imigran (Office for Refugees and Immigrants - ORI) travay avèk yon rezo òganizasyon nan komite a k ap patisipe nan yon pwojè pou ede moun vin sitwayen. Òganizasyon sa yo pral tyeke pou wè kiyès ki elijib pou sitwayènte, bay asistans avèk pwosesis natiralizasyon an epi/oswa fè rekòmandasyon ki apwopriye. Responsab ka Depatman Asistans Tranzisyonèl ou a ka ba w yon lis kèk òganizasyon ki ka ede w aplike pou sitwayènte.

